



ProjectTEACH

SA POU KONNEN SOU LAPERÈZ LEKÒL POU SIPÒTE PITIT OU A

Lè timoun yo gen difikilte pou yo ale lekòl, li kapab boulvèsan pou alafwa timoun yo ak paran yo.

KISA LAPERÈZ LEKÒL LA YE?

Laperèz lekòl, yo rele pafwa mawon lekòl, se yon konpòtman kote yon timoun reziste oswa refize ale lekòl regilyèman. Souvan, timoun lan santi yon detès emosyonèl lè li panse ak zafè ale lekòl la, sa ki fè li rete nan kay la menm lè paran yo konnen. Byenke laperèz lekòl la kapab boulvèsan, li se yon sentòm, li pa yon dyagnostik oswa yon twoub.

Ou kapab trete [laperèz lekòl la](#). Solisyon an se:

1. [Idantifikasyon bonè](#)
2. [Idantifye koz fondamantal konpòtman an](#)
3. [Yon retou rapid nan lekòl la](#)

Gid sa a ofri ou konsèy pou w pi byen konprann konpòtman ki gen rapò ak laperèz lekòl la, epi sa ou kapab fè pou w ede.

Èske Laperèz Lekòl la Rive Souvan?

Laperèz lekòl la fè enpak sou mwens pase 1 timoun sou 20, epi li jeneralman parèt pou premye fwa ant laj 5 ak 11 lane. Kidonk, plis pase 1 elèv sou 4 refize ale lekòl yon lè konsa, epi [li kapab pran plizyè fòm](#): lè yo rive an reta lekòl regilyèman; lè yo kite lekòl la anvan jounen lekòl la fini; lè yo rate ansèyman pandan tout jounen an (lè yo kache nan enfimri a, nan twalèt la oswa biwo konseye lekòl la); oswa lè yo pa ale lekòl la ditou.

Kilè Gen Plis Chans pou Laperèz Lekòl la Rive?

Laperèz lekòl la kapab rive nenpòt ki lè, men egzanp ki pi komen yo se:

- Lè timoun yo [retounen lekòl](#) chak sezon otòn epi apre plizyè vakans lekòl ki long (pi souvan)
- Lè yo fè tranzisyon soti nan lekòl elemantè pou ale nan lekòl entèmedyè, oswa soti nan lekòl entèmedyè ale nan lekòl segondè
- Lè yo viv yon evènman nan lavi ki bay estrès
- Akoz konfli avèk yon timoun parèy yo oswa yon pwofesè

COVID-19 te ajoute yon lòt kouch sou fason timoun yo retounen lekòl. Byenke pifò timoun pa t ka tann pou yo retounen lekòl fas-a-fas, gen pou lòt timoun li te difisil. Apre anviwon 2 lane ap fè eksperyans lavi ki diferan pandan pandemi an, kèk timoun ki pa t janm gen difikilte ka genyen difikilte kounye a pou yo retounen, ak patisipe nan lekòl.

1. IDANTIFIKASYON BONÈ

Premye etap nan abòde zafè laperèz lekòl la se idantifye li kay pitit ou a. Anba a, ou ap jwenn konpòtman ki kouran kay timoun ki gen laperèz lekòl yo. Kèk nan konpòtman sa yo sanble ak sentòm pwoblèm sante mantal tankou [enkyetid](#). Yon sèl fason pou w konnen si li gen rapò ak laperèz lekòl la se si sentòm yo amelyore lè ou kite timoun lan rete lakay la.

Siy ak Konpòtman ki Kouran kay Timoun ki Gen Laperèz Lekòl yo.

Tout Timoun

- Pwoblèm fizik: tèt fè mal, vant fè mal, tèt vire, doulè
- Laperèz malè pandye oswa yon move bagay pral rive yon pwòch pandan li nan lekòl la
- COVID-19 bay enkyetid: lè yo trape Covid oswa simaye li bay pwòch yo; lekòl la fèmen; lè yo remèt devwa an reta akòz pwoblèm ki gen rapò ak Covid.

Timoun ki pi Jèn yo

- Yo depandan anpil anpil
- Yo kriye
- Yo fè kriz kòlè

Timoun ki Pi Gran yo

- Yo fè kriz panik
- Yo menase fè tèt yo mal
- Yo refize ale lekòl

2. IDANTIFYE KOZ FONDAMANTAL LA

Pa bliye, laperèz lekòl la kapab se yon sentòm pwoblèm sante fizik oswa konpòtmantal anbachal. Depi ou idantifye laperèz lekòl la, li enpòtan pou dekouvi vrè rezon ki fè pitit ou a gen konpòtman sa a. Rezon posib yo ka se yon pwoblèm sante, yon pwoblèm famiyal oswa sosyal, oswa yon melanj toude.

Pwoblèm sante anbachal ki kapab lakoz laperèz lekòl la:

- Separasyon Twoub Anksyete
- Twoub Anksyete Sosyal
- Twoub Anksyete Jeneralize
- Twoub Obsesyonèl Konpilsif
- Twoub Panik
- Depresyon
- Estrès Apre Chòk
- Twoub Aprantisaj
- Gwi Pwoblèm Sante
- Twoub Abi Sibstans

Pwoblèm famiyal oswa sosyal anbachal ki kapab kontribiye nan laperèz lekòl la:

- [Asèlman](#)
- Fanmi pwòch ki souffri gwo maladi (Frè oswa Sè/Paran, Granparan)
- Separasyon/Divòs Paran
- Lanmò nan fanmi an
- Demenajman – Nouvo Lekòl
- Elèv ak Pwofesè pa Matche

3. RETOUNEN LEKÒL RAPID

Plis yon timoun fè anpil tan li pa ale lekòl, se plis kè sote li ap genyen pou li retounen, epi se plis retounen an ap difisil. Rive jere zafè laperèz lekòl la chita sou yon komunikasyon ak yon kolaborasyon ki solid avèk paran yo, [lekòl yo](#), ak doktè ki konsène yo.

Sa Paran yo Kapab Fè

- **Aji Vit!!** Plis pitit ou a fè anpil tan li pa ale lekòl, se plis devwa ak aktivite sosyal li ap rate, epi se plis kè sote li ap genyen pou li retounen lekòl.
- **Pale ak Piti Ou An.** [Mande li](#) sa ki fè li difisil konsa pou li ale lekòl.
- **Rezoud Pwoblèm lan Ansanm.** Reflechi ansanm sou fason pou nou kraze obstak ki rann li difisil pou li ale lekòl la. Fè jwèt wòl li avèk li. Vini avèk senaryo kreyatif pou li itilize lè li retounen lekòl oswa jere pwoblèm yo nan lekòl la.
- **Se pou Klè epi Tennfas Sou zafè Lekòl la.** Fikse règ ki klè sou kondisyon ki akseptab pou li rete lakay la (lafyè, vomisman, dyare, elatriye), epi eksplike li ak lè si li pa gen pwoblèm sa yo, li prale lekòl.
- **Kolabore Avèk Lekòl la.** Kolabore avèk pwofesè li yo ak nenpòt lòt moun nan lekòl la pou nou kreye yon plan pou nou fè li retounen lekòl la tikal pa tikal. Li ka bezwen retounen etap pa etap; ti pa ti pa jiskaske li kapab retounen a tan plen.
- **Idantifye Sipò yo.** Nan tèt ansanm avèk pitit ou a ak lekòl la, idantiye moun ki fyab pitit ou a kapab al jwenn si li ta bezwen plis sipò nan lekòl la.
- **Rete Pozitif.** Di bagay ki pozitif epi konsantre sou bon aspè nan lekòl la, zanmi yo, matyè prefere, pwofesè espesyal yo, oswa bon souvni oswa eksperyans yo. Eseye fè yon ekilib pou rete pozitif pandan ou ap valide tou sa li santi ak sa li ap viv la.
- **Pa Fè Li Wont.** Eseye pa fè pitit ou a wont ni blame li paske li pa ale lekòl.
- **Fè Kay la Raz.** Retounen lekòl la dwe parèt pi enteresan pase rete lakay la. Sa valab pou alafwa timoun ki pi jèn ak timoun ki pi gran yo – yo pa an vakans. Pa egzanp, se kòm si li te lekòl, pa gen zafè jwe jwèt videyo ni gade tele, pa gen zafè chofe kabann ni pa pase bon tan avèk paran yo, pa gen zafè al achte nan magazen.
- **Chèche Tretman pou Nenpòt Pwoblèm Sante Anbachal.** Si ou enkyete pou pitit ou a, [pale ak pedyat li a](#).

Laperèz lekòl la kapab difisil, men lè ou idantifye li bonè epi ou gen yon plan pou w fè pitit ou a retounen lekòl, ou kapab trete li.

Pou w jwenn plis enfòmasyon sou pwoblèm sante mantal selon gwoup laj timoun yo, ale sou Paj Paran ak Fanmi sou Pwojè TEACH la: <http://bitly.com/PTEACH-Family>

Yon mèsi espesyal pou Gwoup Paran ki Konseye nan Pwojè TEACH (Project TEACH Parent Advisor Group), ki ede elabore dokiman sa a.